

# BIDJÈ PATISIPATIF VIL BOSTON

## REZIME EGZEKITIF

### Ki sa Bidjetizasyon Patisipatif ye?

Bidjè Patisipatif (PB) se yon pwoesisis demokratik kote manm kominote yo deside dirèkteman kijan pou yo depanse yon pati nan yon bidjè publik. Bidjè Patisipatif se yon pratik ki apwofondi demokrasi, bati kominote ki pi solid, epi kreye yon distribisyon pi ekitab nan resous publik yo. Plizyè vil Ozetazini, tankou New York, Chicago, Durham, Cambridge, ak Somerville, te adopte ak enplemane pwoesisis BP (Bidjè Patisipatif) pou ogmante angajman sivik ak bidjetè rezidan yo.


### BIDJÈ PATISIPATIF NAN BOSTON

Biwo Bidjè Patisipatif (OPB) te etabli pa [Odonans](#) an prentan 2023. Misyon Biwo a se bay yon pwen antre ofisyèl pou rezidan Boston yo kontribye nan pwoesisis bidjetè vil la. Atravè sik PB (Bidjè Patisipatif) chak ane, Biwo a pral angaje publik la epi valorize pwojè ki santré sou kominote a ki fè avanse ekite sosyal ak rasyal.

Nan Sik 1 PB a, Bostonyen yo pral jwe yon wòl aktif nan idantifye, fòme, ak priyorize ide pwojè pou reponn a bezwen lokal yo pandan y ap kontribiye nan eklere bidjè anyèl Vil la. Rezidan yo pral travay an kolaborasyon ak Biwo Bidjè Patisipatif la, Konsèy Sipèvizon Ekstèn li a, Sèvis minisipalite ki konsène yo, ak òganizasyon kominotè yo pou ede detèmine elijibilite ak fezabilite ide pwojè kominote a inisyé.

Pou premye ane pilòt sa a, OPB ak Konsèy li a te kreye yon "[Liv Règleman Bisjetizasyon Patisipatif](#)" pou bay yon kad konplè ak yon seri règ ak operasyon estanda pou nouvo inisyativ sa a nan Boston..

### FIGI 1: KALANDRIYE AK DAT PWOESISIS PB POU SIK PB 2024 - 2025



# KILÈ AK KI JAN YO ANGAJE NAN PWOESIS PB A



**KOLEKSYON  
IDE**  
(Jiy. 2024)

Moun ki abite Boston yo pral gen plizyè fason pou pataje ide pwojè yo ak Biwo Bidjetizzasyon Patisipatif. An jiyè, Biwo a pral lanse yon Kanpay Koleksyon Ide nan tout vil la, aksesib pou tout rezidan Boston. Ou ka soumèt ide atravè yon Pòtay PB sou entènèt, yon liy telefòn PB, an pèsòn nan biwo Bibliyotèk Piblik yo ak nan Otèldevil la, ak nan evènman ki òganize an patenarya ak òganizasyon kominotè yo.

*Sou baz rezulta premye faz sa a, OPB a pral evalye epi idantifye pi gwo 15 Priyorite Kominotè yo an fonksyon kalite ak kantite ide similè rezidan yo soumèt atravè Vil la.*

## Elijiblite ak Kritè Pwojè yo

Pwoesis PB a prioyize ide pwojè ki ranfòse kapasite kolektif sou pwoblèm jistis sosyal ak rasyal. Moun ki abite Vil Boston kapab soumèt ide pwojè yo, kèlkeswa laj yo, epi yo dwe satisfè kritè kalifikasyon sa yo:

- Pwojè yo limite a yon sèl depans, epi yo pa kreye nouvo pozisyon pèmanan ;
- Pwopozisyon pwojè yo ka gen ladan pwogram ak sèvis, osi byen ke enfrastrikti fizik; amelyorasyon teknologik, ak amelyorasyon kominotè sou pwopriyete piblik vil la posede.
  - ▶ Pwojè enfrastrikti sou pwopriyete prive, leta oswa federal pa elijib, tankou pwojè ki konsène Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon (DCR) oswa Otorite Transpò Bè Massachusetts (MBTA).
  - ▶ Ide pwojè ki gen rapò ak pwogram ak sèvis nan lokal ki pa pou vil la kalifye.
- Ide pwojè yo dwe reyalizab pou yo enplemante, epi yo dwe konfòm avèk politik, lwa, règleman vil ki egziste deja, ak Òdonans sou Bidjè Patisipatif la; epi
- Sèvis minisipalite apwopriye oswa ajans k ap resevwa kredi bidjetè dirèk yo dwe enplemante oswa jere pwojè yo.

**Egzanp Ide Elbijib :** Pwogram ki vize ranfòse sante mantal pami jèn Boston yo; Etann rezo WiFi Wicked Free Vil la pou rive jwenn plis zòn ki gen revni fèb; Kou alfabetizasyon dijital pou granmoun aje yo aprann nouvo konpetans epi ankouraje koneksyon sosyal; Amelyore espas piblik yo atravè pwojè enfrastrikti (atizay piblik, pye bwa lari, ban, elatriye) Ogmante aksè a aliman fre ak sen atravè pwogram jaden kominotè oswa frijidè kominotè ke òganizasyon lokal yo administre.

**Egzanp Ide ki Pa Elbijib:** Peye salè yon anplwaye piblik pou bay sèvis; Repare oswa amelyore yon batiman prive; Ede yon òganizasyon renouvele yon espas ke li lwe nan men yon pwopriyetè prive; Ede yon enstitisyon reliye repare tanp li; Ogmante frekans otobis oswa tren MBTA yo. Ogmante siveyans, lapolis, ak/oswa lòt mezi ki ki gen enpak negatif e ki pa pwopòsyonèl sou rezidan yo ak.






**FOWÒM  
VIZYON  
AK DEVELOPMAN  
PWOPOZISYON**  
*(Okt. - Nov. 2024)*

Nan Fowòm Vizyon yo, rezidan yo pral kolabore ak Sèvis minisipalite ki enpòtan pou egzamine, diskite, ak evalye fezabilite ak enpak tout ide nan kad chak nan 15 Priyorite Kominotè yo. Atravè pwosesis sa a, patisipan Fowòm yo pral redije yon deklarasyon pou defini a ki sa pwopozisyon bilten vòt yo ta dwe sanble pou chak Priyorite Kominotè. Pou rezidan ki pa ka patisipe nan Fowòm sa yo, yon opsyon sou entènèt ap disponib pou bay kòmantè.

**OPB ak Komisyon Konsèy la pral finalize yon bilten vòt PB avèk 15 deklarasyon pwopozisyon rezidan yo lè yo egzamine ak entegre kòmantè ki enpòtan sou Entènèt.. Biwo a ak Sèvis minisipalite ki konsène yo pral fè yon evalyasyon fezabilite final epi detèmine pri estimasyon pou chak pwopozisyon bilten vòt.**



**VÒT,  
FINANSMAN  
PWOJÈ, AK  
APLIKASYON**  
*(Jan. - Fev. 2025)*

Vòt pou pwopozisyon Bidjè Patisipatif yo pral fèt an pèsòn ak sou Entènèt. Sou bilten vòt PB a, moun ki abite Boston ki gen 11 an (oswa nan klas 6yèm ane) oswa plis yo pral kapab chwazi jiska senk (5) sou yon total 15 pwopozisyon, yo chak ak yon montan dola estimate. Yo pral bay pwopozisyon ki gen plis vòt, jiska limit finansman pou Sik PB a an patikilye. Vil la ak OPB pral anonsé pwopozisyon ki genyen

yo ak rezulta final vòt yo. OPB ak Sèvis minisipalite ki konsène yo pral swiv enplemantasyon pwojè yo.



### KONTAKTE BIWO BIDJÈ PATISIPATIF LA

Èske w ap chèche fason pou w patisipe? Tanpri kontakte Biwo Bidjè Patisipatif la!

Sit entènèt: [www.boston.gov/participate](http://www.boston.gov/participate)

Imel: [pb@boston.gov](mailto:pb@boston.gov)

